

Gid pou Fanmi

Sèvis Manje ak Nitrisyon

(FNS) ---- 2021-2022 ----

PWOGRAM MANJE MIDI LEKÒL NASYONAL

Pwogram manje midi nou an ofri plizyè kalite pla prensipal manje cho ak manje frèt, ansanm avèk fwi ak legim fre. Manje midi yo gen ladan yo pla prensipal ki genyen pwoteyin mèg ak sereyal konplè, fwi, legim, ak lèt.

ENGREDYAN MENI YO AK MACHASUIV YO

BPS itilize pwòp machasuiv pa li pou standa siperyè pou jije kalite, sekirite manje, nitrisyon, ak varyete. Nou aplike yo nan devlopman meni yo ak akizisyon manje yo, e yo soutni standa nitrisyon nou yo, epitou yo gen arevwa a tout pwogram USDA yo ke Sèvis Manje ak Nitrisyon an (FNS) administre. Se prèyè ki baze sou rechèch ki founi enfòmasyon pou machasuiv yo. Skane kòd QR la pou plis enfòmasyon.



MANJE INIVÈSÈL

Lekòl Piblik Boston (BPS) ap kontinye patisipe nan Pwovizyon Eljibilite Kominotè federal la (CEP), ki vle di manje maten ak manje midi gratis pou tout elèv.

PWOGRAM MANJE MATEN LEKÒL

Nou ofri manje maten nan kyòs manje maten yo pou elèv yo kapab pote manje maten yo nan sal de klas yo. Manje maten yo gen ladan yo pla prensipal ki genyen sereyal konplè ak/oswa pwoteyin mèg, fwi, ak lèt.

ÈSKE W AP POTE YON MANJE KI SOT LAKAY OU POU MANJE MIDI ?

Si elèv yo pito pote manje maten prefere yo sot lakay yo, yo ka toujou ajoute yon fwi, legim, ak lèt ki sot nan salamanje nou an, gratis ! Yo dwe chwazi 3 atik manje pou l kapab konte kòm manje midi gratis!

PWOGRAM FWI AK LEGIM FRE

Pwogram Fwi ak Legim Fre a disponib nan plizyè lekòl elementè, e li entwodui fwi ak legim fre bay elèv yo 2 jou pa semèn.

REJIM ESPESYAL

Pou n kapab fè kèk aranjman pou elèv sila yo ki genyen divès rejim espesyal akòz yon nesosite medikal kèlkonk, yon Fòmilè Nesosite Rejim dwe ranpli, e yon pwofesyonèl medikal lisansye dwe siyen l. Skane kòd QR la pou w wè fòmilè a.

